



Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## **GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE WOUT RAY METRO-NORTH MTA BAT REKÒ PASAJE PANDAN EPÒK PANDEMIK POU YON DEZYÈM FWA NAN DE SEMÈN**

***Metro-North te pote 180,200 pasaje nan madi 13 septanm, sa ki depase rekò anvan ki te etabli mèkredi 7 septanm lan***

***Yè, Metro Vil New York ak Wout Ray Long Island te atenn dezyèm pi gwo kantite pasaje depi pandemi an te kòmanse***

***Gade done sou pasaje ojoulejou ajans MTA [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Wout Ray Metro-North te pote yon kantite pasaje ki bat rekò pandan epòk pandemi an yè ak 180,200 pasaje, oswa 68.6 poustan an mwayèn anvan pandemi an, sa ki depase rekò Metro-North anvan, ki te etabli mèkredi 7 septanm lan ki te gen 179,600 pasaje. Pasaje Metro-North nan kat jou lasemèn yo apre Fèt Travay (Labor Day) la se te seri kat jou ki pi eleve depi lè COVID te kòmanse, ak yon mwayèn pasaje nan jou lasemèn ki te 171,000 oswa 65.1 poustan an mwayèn anvan pandemi.

Kantite rekò pasaje nou yo se dènye endikatè ki montre reteou New York aprè pandemi an ap pran anplè nan Vil New York ak nan Hudson Valley. **Gouvènè Hochul te deklare.** "Fè plis Nouyòkè itilize transpò piblik nou an non sèlman bon pou ekonomi an, men tou li bon pou anviwònman an, epi dènye etap enpòtan sa a se yon siy ankourajan de sa ki gen pou vini an."

**Prezidan Metwo Metro-North ak Prezidan Pwovizwa Metwo Long Island Rail Road lan, Catherine Rinaldi, te deklare,** "N ap wè yon retou pasaje an sante atravè tout mache vwayaj wout ray yo, yon endikasyon ke deplizanpli pasaje reyalize ke wout ray banlye yo se yon fason rapid ak fasil pou vwayaje nan reyon nou an - plis toujou ak lansman nouvo aplikasyon Train Time (Tan Tren) nou an ki mete tikè, enfòmasyon ki trè detaye sou tren an tan reyèl ak sèvis klyiantèl entè-aktif an dirèk nan yon sèl kote."

Anplis de sa, kantite pasaje yo sou Transpò Piblik Vil New York ak Wouy Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) lan te wo tou. Pasaje nan tren an te rive nan 3.61 milyon dola moun nan dat 13 septanm, dezyèm chif ki pi wo depi pandemi an te kòmanse nan New York nan mwa mas 2020 an. Otobis yo te pote apeprè 1.42 milyon

pasaje nan menm jou a. LIRR te pote 200,200 pasaje oswa 69 pousan pasaje avan pandemi an, dezyèm pi gwo kantite pasaje li pandan pandemi an epi dezyèm sèlman apre rekò 204,000 ki te etabli mèkredi 7 septanm lan.

MTA kontinye ankouraje itilize transpò yo avèk rabè sou tarif yo ke yo te lanse nan kòmansman ane sa a Alafwa Wout Ray Long Island ak Metro-North te lanse òf tarif ki genyen yon rabè 10 pousan pou lese pase chak mwa yo, ak yon nouvo tikè pou 20 trajè ki adapte pou orè travay ibrid la. Nouvo tikè 20 vwayaj la ekonomize pasaje yo 20 pousan sou pri tikè maksimòm senp yo. Pou pasaje tren banlye yo k ap vwayaje nan senk minisipalite yo, MTA te elaji Tikè Vil la tou, ki ofri yon pri redui, inik 5.00 dola pou vwayaj tren nan Vil New York nan wikenn, pou enkli tout tren ki pa nan pik yo pandan lasemèn yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418